

Chè Rezidan New York yo,

Pou anpil moun, bwonzaj nan kabin sanble tankou yon aktivite ki pa gen danje. Se pa vre. Chak seyans ogmante risk pou gen kansè po epi fè ou vyeyi twò bonè, bay pwoblèm nan je, reyaksyon alèjik ak plis ankò.

Konpayi bwonzaj nan kabin yo mete anpil mit ak move konsepsyon konsènan sekirite sou “bwonzaj”. Si ou itilize bwonzaj nan kabin oswa ou ap panse fè sa, li enpòtan pou ou konnen gwo risk sante ki gen rapò ak li.

Bwochi sa a genyen apèsi ki gen rapò ak bwonzaj nan kabin pou kapab ede ou pran desizyon ki avize sou risk sa yo. Nou te bay lyen pou jwenn plis enfòmasyon yo tou.

Li enpòtan pou nou byen ranseye sou tout desizyon ki gen rapò sou konsomasyon ak sante. Si ou ta renmen konnen plis konsènan pwoblèm sa yo oswa any lòt kesyon, tanpri ale sou sitwèb nou an nan adrès sa a ag.ny.gov.

Sensèman,

Letitia James



Letitia James
Pwokirè Jeneral
Vil New York la

Resous yo

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York lan, Biwo Swen Sante

The Capitol
Albany, NY 12224
(800) 771-7755
ag.ny.gov

Depatman Sante Eta New York

health.ny.gov/environmental/indoors/tanning

Administrasyon Manje ak Medikaman Ozetazini

fda.gov/radiation-emitting-products/radiation-emitting-products-and-procedures/tanning

Akademi Ameriken pou Dèmatoloji

aad.org/awareness-dangers-tanning

Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi

cdc.gov

Òganizasyon nasyonal dirijan sa yo rekonèt gwo risk kansè ki asosye ak bwonzaj nan kabin:

Akademi Ameriken pou Dèmatoloji
Akademi Ameriken pou Oftalmoloji
Akademi Ameriken pou Pedyatri Sosyete
Kansè Ameriken
Asosyasyon Medikal Ameriken
Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi

Bwonzaj nan kabin

Konnen Risk yo,
Konnen Reyalite a



Biwo Pwokirè Jeneral
Letitia James
nan Eta New York



Konnen Risk yo Bwonzaj Enteryè

Radyasyon iltravyolè (UV) se yon sous enèji ki sòti nan limyè solèy natirèl oswa atifisyèl. Yon eksès radyasyon iltravyolè kapab domaj ADN ki sou po ou epi ogmante kantite melanin pigman po a, ki fè po ou chanje koulè. Men kèk nan risk ki grav yo idantifye:

- Kansè po Melanòm — Itilize kabann pou fè bwonzaj anvan 35 lane kapab ogmante a 59% risk pou devlope kansè po kèk fwa ki kapab touye moun. Melanòm se yon kansè ki frape anpil jèn moun.
- Òganizasyon Mondyal Lasante te plase bwonzaj nan kabin nan kategori ki gen pi gwo risk kansè li yo, “pwodui kanserijèn pou moun,” pou menm kategori ak tabak;
- Vyeyisman prematire (“foto vyeyisman”) kapab bay po a yon aparans ki sanble ki kwi epi plise, epi li kapab kite tach nwa sou po a;
- Boule ak blesi sou po ak je yo;
- Reyaksyon alèjik yo;
- Diminisyon Sistèm Iminite

Lòt Faktè ki Kapab Ogmante Risk Yo

- Ten klè ki boule pi fasil;
- Yon manm fanmi ki te gen kansè po;
- Adolesan ak timoun pi piti — bwonzaj nan kabin lakay jèn yo ogmante risk pou gen kansè pita nan lavi;
- Defisyans iminite, maladi kwonik, ak kèk medikaman kapab fè ou pi frajil ak radyasyon iltravyolè.

Bwonzaj ak Minè yo: Lalwa

Tifi ki adolesan ak jèn fi yo souvan se sib pou fè piblisite ki ankouraje bwonzaj nan kabin la tankou li san danje. Rechèch yo demontre akèl plis yon moun fè bwonzaj nan kabin pi bonè, se plis li gen risk pou li gen kansè po nan laj avanse yo. Akademi Ameriken Pedyatri a deklare li menm, “Sal bwonzaj yo pa fyab epi adoloesan yo pa ta dwe itilize yo oswa lòt moun.”

Lwa sou Sante Piblik Eta New York entèdi moun ki poko gen 17 lane yo itilize aparèy bwonzaj iltravyolè yo. Yo egzije tou pou moun ki genyen 17 lane pou yon paran oswa responsab legal lan siyen yon fòm konsantman anvan yo itilize li. Moun ki gen 18 lane oswa plis dwe prezante yon pèmi kondwi oswa yon lòt pyès idantite ki gen foto gouvènman bay oswa yon lekòl anvan yo itilize aparèy radyasyon iltravyolè yo.

Pran Prekosyon si ou Pran Risk la

Moun ki chwazi ekspoze tèt yo a radyasyon iltravyolè bwonzaj nan kabin epi ki inyore alèt sante ki gen rapò ak aktivite danjere sa a ta dwe pran kèk prekosyon sekirite, sitou:

1. Mete linèt pwoteksyon FDA sètifye yo epi salon bwonzaj la bay gratis yo, pandan ou ap veye si yo byen sere epi yo pa fann;
2. Respekte tan fabrikan mande pou ekspoze selon kalite po ou (epi pa depase limit tan yo di ou an);
3. Konsilte imedyatman yon doktè si ou boule grav, gen reyaksyon alèjik ak blesi po ki pa nòmal oswa gen maleng.

Konnen enfòmasyon yo: Chase Mit ak Move Konsepsyon

“Bwonzaj nan kabin nan gen mwens risk” **FO**
Gen kèk moun ki di bwonzaj nan kabin la gen mwens danje pase bwonzaj deyò paske entansite limyè a epi yo kontwole tan an pou pase ap bwonze yo. Verite a se:

- Reyon iltravyolè ki nan aparèy bwonzaj yo pi fò — jiska 15 fwa pi fò — pase limyè solèy natirèl la epi anpoul yo pa lwen ak po ou;
- Se pa tout aparèy bwonzaj ki pwodwi menm kantite radyasyon iltravyolè, sa ki vle di ekspozisyon an pa regilye epi li pa kontwole jan yo anonse li a;
- Jeneralman teknisyen ki nan sal bwonzaj yo se pa pwofesyonèl swen sante yoy e epi yo manke fòmasyon ak konesans ki lye ak twòp ekspozisyon nan reyon iltravyolè. An reyalyite, selon Sant Ameriken pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, 1,800 blesi ki nesosite vizit nan sal ijans yo ki lye ak reyon iltravyolè yo sòti sou kabann bwonzaj chak ane.

“Bwonzaj nan kabin la se yon mwayen ki fyab pou pran vitamin D”

FO

Etid syantifik yo te demontre pifò moun resevwa ase vitamin D nan manje ak limyè natirèl solèy la. Si ou bezwen plis vitamin D, yon sipleman ki gen vitamin D ap korije karans sa a san danje, san risk pou ekspoze nan reyon iltravyolè ki gen rapò ak kansè.

“Yon bwonzaj anvan vakans - oswa ‘bwonzaj debaz’ - pwoteje ou pou pa resevwa kout solèy”

FO

Verite a se: bwonzaj nan kabin la ofri yon faktè pwoteksyon kont solèy (sun protection factor, SPF) nan 3, jeneralman ki enferyè ak sa yo rekòmande a ki se 30 SPF pou pwoteje kont kout solèy yo. Kidonk, moun ki bwonze avan yo ale nan vakans yo pa sèlman ekspoze ak Reyon iltravyolè nan kabin bwonzaj yo avan yo vwayaje, yo pa pwoteje kont kout solèy pandan vakans yo tou. Administrasyon Manje ak Medikaman Ozetazini (U.S. Food and Drug Administration) pa jwenn okenn prèv ki montre yon “bwonzaj debaz” diminye risk kansè po.